



# KÒMAN POU NOU BYEN BATI KAY NOU?



“BYEN BATI SE BYEN DEPANSE POU PWOTEJE LAVI AK KAY YO!”

MTPTC



FÒM


YON KAY KI GEN FÒM SENP KANPE PI DJANM PASE YON KAY KI GEN FÒM KONPLIKE LÈ GEN TRANBLEMANNTÈ

**SA A BON**

Yon kay ki gen fòm senp epi ki byen chene pi djann.




**FÒM KONPLIKE**




... MEN SAK KA RIVE

**SA A BON**

Lajè kay anlè a dwe menm ak lajè kay anba a



**LAJÈ KAY ANLÈ TWÒ GWO**



... MEN SAK KA RIVE

KOTE

NOU PA DWE BATI KAY NAN ZÒN MALÈ PANDYE

**TÈ KI GEN GWO PANT**

Yon tèren ki gen gwo pant kapab fè gwo dega paske li ka deboulonnen.

Bati kay nou sou tèren ki plat epi ki pap deplase.

**RIVYÈ**

Yon riviye ki debòde kapab fè malè.


Lè nap bati kay kite pou pi piti 10 mètr ant bò riviye ki pwoteje yo ak kay la.

**RAVIN**

Bò ravin yo danje anpil yo kapab glise.

Lè nap bati kay kite pou pi piti 10 mètr ant bò ravin ki pwoteje yo ak kay la.

**SA A BON**



**SA A PA BON...**

Pa bati sou tèren ki gen twò gwo pant epi ki kabap deboulonnen



Pa bati kay bò la riviye!



Pa bati kay sou bò ravin yo



**... MEN SAK KA RIVE**

Tè kap deboulonnen kapab kraze kay nou fasil!



Kay yo kapab kraze si bò riviye yo kase, ak si lariviye desann




Kay yo kapab kraze si bò ravin yo kase...








# KÒMAN POU NOU BYEN BATI KAY NOU?



CHENAJ


FÒK MI AK FONDASYON KAY YO TOUJOU BYEN MARE AK CHENAJ KANPE YO (POTO)  
ANSANM AK CHENAJ KOUCHE YO (SENTI)

MTPTC




**SA A PA BON...**

Koneksyon ki pa ranfòse  
pa byen mare



**SA A BON**


Sèvi ak pyès U oubyen L pou  
nou ka fè bon koneksyon



MATERYO

SÈVI AK BON KALITE MATERYO SE GARANTI YON KAY SOLID EPI KI AP DIRE LONTAN

Blòk yo pi plis epi yo enpòtan anpil  
nan kay yo, fòk yo toujou byen fèt.



**SA A BON**



Fè zo reken  
ki nèt



Sab riviye lave



Siman ki byen  
anpile

**SA A PA BON...**



Fè ki sèvi deja



Sab min  
(Karyè)



Siman ki pa  
byen anpile

PÒT AK FENÈT


RANFÒSE PÒT YO AK FENÈT YO AVÈK BETON EPI FÈ

BETON

WOUZE BETON YO


**SA A BON**

Pa gen twòp ouvèti epi yo byen ranfòse





**SA A PA BON...**

Ouvèti yo twò gwo epi yo pa ranfòse...



**... MEN SAK KA RIVE**




TWATI

BAY TWATI A 4 BÒ EPI BYEN MARE YO AK CHENAJ YO POU YO KA REZISTE PI BYEN LÈ GEN VAN

TEKNISYEN KI KALIFYE

**SA A BON**



**SA A PA BON...**



**... MEN SAK KA RIVE**



Sèvi ak teknisyen kalifye  
epi ki konpetan, se pi  
bon garanti pou kay ou!